

# AKÒ PASYAN TB /FOUNISÈ SWEN/ NAN MARYLAND

Non Pasyan (enprime) \_\_\_\_\_ Dat Nesans \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_ # Dosye \_\_\_\_\_  
Siyati Prenon 2yèm Prenon mm/ dd/ yyyy

## Mwen konnen:

- Mwen ka genyen tibèkiloz (TB) oswa li te konfime mwen fè tibèkiloz (TB).
- TB kapab pwopaje bay lòt moun lè w ap touse, pale oswa chante.
- Tretman pou TB enplike ladan l pou pran anpil medikaman pandan yon kèk mwa minimòm jiska 2 zan.
- Doktè mwen an dwe rapòte maladi TB mwen an bay depatman sante dapre lwa Federal.
- Depatman sante a responsab pou trete maladi TB mwen an epi pou anpeche enfeksyon an pwopaje a moun ki pwòch mwen yo.
- Depatman sante a kapab pran aksyon legal kont mwen si m pa swiv plan tretman TB mwen an.

## Responsablite Pasyan: Mwen pral:

- Kenbe randevou mwen yo avèk pwogram TB depatman sante a pou m jwenn swen medikal pou TB mwen.
- Kolabore avèk tès yo (sputum, radyografi pwatrin, laboratwa ak lòt yo.) ki gen rapò ak tretman TB mwen.
- Pran medikaman TB m jan yo dim pou m pran li menm jan ak randevou DOT (Terapi obsève an dirèk) yo.
- Rele depatman sante a tout suit si m pa santim byen.
- Di manm estaf depatman sante a enfòmasyon okonplè epi ki vre sou maladi ansyen ak aktyèl yo, gwosès yo oswa nenpòt medikaman mwen ap pran ansanm ak medikaman san preskripsyon ak sipleman remèd fèy yo.
- Fè depatman sante a konnen osito posib si m pap ka kenbe nenpòt randevou epi mete yon lòt randevou osito posib.
- Fè depatman sante a konnen non tout moun ki te ekspoze a TB mwen (yo pral trete enfòmasyon sa a yon fason konfidansyèl nan limit ki posib).
- Fè depatman sante a konnen tout chanjman nan adrès mwen, nimewo telefòn mwen (yo) oswa enfòmasyon sou kontak ijans mwen.

## Responsablite Founisè Swen yo: Depatman Sante Konte a \_\_\_\_\_ pral:

- Byen eksplike maladi TB avèk tout risk li genyen sou mwen avèk lòt moun ki pwòch avèk mwen enkli menm fanmi m.
- Reponn a tout kesyon m yo sou swen TB ak medikaman mwen yo.
- Bay tout swen medikal ki gen rapò ak TB m epitou pataje enfòmasyon sa a avèk lòt doktè yo si l apwopriye.
- Fè m konnen tout chanjman sou sante m (tès laboratwa yo, radyografi yo, elatriye.).
- Garanti mwen gen medikaman TB m yo nan yon lòt nou dakò tankou randevou DOT yo.
- Kenbe enfòmasyon sante m konfidansyèl dapre lwa Federal ak eta yo (HIPPA).

## Akò pou Tretman:

- Mwen dakò pou m kenbe tout randevou ki planifye yo pou resevwa medikaman TB yo, pou m pran tout medikaman TB jan yo preskri yo, pou m konfòme m avèk tout tès dyagnostik yo doktè m preskri m epitou pou m swiv tout lòt konsiy yo manm estaf TB Konte \_\_\_\_\_ a te ban mwen.
- Si m pa konfòme m, mwen konprann yo ka izole m nan yon lopital leta nan espas pou tretman tibèkiloz oswa lòt espas ki apwopriye jan otorite eta ak lokal depatman sante a bay Ofisye Sante a otorizasyon dapre jan li endike nan *Lwa Maryland, Sante-Jeneral §§ 18-324,325 avèk Lwa Règleman nan Maryland yo 10.06.01.06, Mezi pou Kontwòl Jeneral pou Maladi Enfektye yo.*
- Mwen te li oswa te fè yo li akò sa a pou mwen, yo te reponn a tout kesyon m yo, mwen konprann enpotans tretman pou mwen epi pou lòt moun. Yo te ban m yon kopi fòm sa a pou kenbe nan dosye m.

\_\_\_\_\_ (enprime) \_\_\_\_\_ (enprime)

\_\_\_\_\_ (siyati) \_\_\_\_\_ (siyati)

**Pasyan oswa Paran/Gadyen**

**Dat**

**Estaf TB/Founisè**

**Dat**

MDH 4511 (revize 2018)